

BAB I BURUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil cipta, rasa, katut karsa marusa kana sakur leunjeuran kahirupan nu geus kajadian, keur dilakonan, atawa bakal kaalaman. Manusa salaku kréator karya sastra, kalawan ngagunakeun karancagéan nu nyampak dina dirina, satékah polah ngadumaniskeun hal-hal nu katempo, kadéngé, kaangseu, tur karasa ku dirina.

Dina enas-enasna mah prosés kreatif pangarang téh dipangaruhan ku rupaning hal. Satuluyna éta pangaruh téh tumerap dina karyana. Malah teu saeutik pangarang nu ngasupkeun idéntitas dirina nu diwakilan ku parapalaku jieunanana. Éta hal luyu pisan jeung Welles & Warren (dina Budianta, 1989: 104) nu nyebutkeun yén poténsi novelis, kaasup poténsi kagorénganana—sarupaning pasipatan jsb.—bisa dijanggélékeun ngaliwatan palaku sarta mangrupa *personae* nu poténsial. Sanggeus diolah maké kaca mata (puseur implengan) sorangan, éta pangaruh téh ngajanggélék jadi hiji wangun nu salasahijina nya éta karya sastra (prosa, puisi, atawa drama).

Balukar tina hul-holna pangaruh nu datang ka pangarang, hasil karyana ogé bisa kasebut campuran. Malah teu saeutik karya nu hésé dipasingkeun. Aya novel – atawa wangun karya sastra lianna—nu pantes disebut karya naon baé. Rék disebut karya sajarah heug, rék dilandi karya romantik pék, atawa disangka karya psikologis ogé teu jadi soal. Hartina, dina nyieun hiji karya, salah saurang pangarang téh bisa

matalikeun sagala rupa unsur, kaasup unsur psikologis ngaliwatan palaku, watek, paguneman, jeung unsur-unsur lianna.

Satuluyna, sagemblengan hasil kréasi pangarang téh lumrah milik pamaca. Pikeun sababaraha kaperluan, pamaca bakal ngaaprésiasi karya ku jalan nyurahan atawa ngainterprétasi eusi téks sabagian atawa sagemblengna. Lantaran kasang tukang tur tujuan pamaca nu béda-béda, interprétasina ogé tangtu moal sarua. Tiap jalma dibéré kasempetan pikeun ngaaprésiasi karya sastra dumasar interprétasina séwang-séwangan. Ieu hal patali jeung hakékat karya sastra nu *poliinterpretable* (Semi, 1989: 20).

Ku lantaran hakékatna éta, réa disiplin élmu séjén –saluareun disiplin élmu sastra—pipilueun ngaaprésiasi/ngainterprétasi karya sastra kalawan ngagunakeun kaidah-kaidah paélmuan maranéhna. Éta hal ngabuktikeun yén ulikan dina dunya sastra téh nya éta ulikan interdisiplinér.

Salasahiji élmu luareun sastra nu ilubiung téh nya éta psikologi. Ti dinya muncul istilah psikologi sastra, karya psikologis, unsur psikologis, jrrd.

Icikibungna élmu psikologi dina dunya sastra suméndér kana pamadegan nu nyebutkeun yén dina karya sastra mibanda aspék-aspék kajiwaan nu leubeut (Ratna, 2004: 341). Ku kituna, ngaliwatan interprétasi psikologis, pamaca bisa ngeunteung atawa nyonto tina paripolah, kekecapan, watek, pangalaman-pangalaman, jeung sakur prosés kajiwaan nu dialaman ku parapataku nu hirup dina karya sastra. Hal-hal sarupa kitu téh dikasangkutangan ku ayana réaksi émotip nu tangtu (Nurgiyantoro, 2002: 174) saperti ngarasa layeut, simpati, empati, ngéwa, antipati, atawa rupaning réaksi

aféktip lianna kana palaku atawa carita nu dibaca. Maiah, teu saeutik pamaca nu milu ngarasa –boh pait boh amis– kana naon nu dirarasakeun ku parapalakuna. Kaayaan sarupa kitu téh, sacara teu langsung, ngabalukarkeun parobahan pikiran, kalakuan, jeung pasipatan maranéhna (pamaca) alatan pangaruh kajiwaan nu diabstraksikeun ku karya sastra.

Gelarna analisis psikologis éstu teu sagawayah. Numutkeun Ratna (2004: 342), analisis psikologis diperlukeun nalika tingkat peradaban ngalaman kamajuan, nalika manusa leungiteun cecekelan. Ku lantaran kitu, interprétasi psikologis dina widang sastra dipiharep mampu nimukeun aspek-aspek nu ngalantarankeun rupaning *penyimpangan* psikologis. Nu perlu dikeukentengan téh psikologi sastra mah béda jeung akar élmuna, psikologi. Psikologi sastra teu ngabogaan maksud pikeun ngaréngsékeun masalah-masalah psikologis praktis. Sacara dépinitip, psikologi sastra mibanda tujuan pikeun maham kana aspek-aspek kajiwaan nu aya dina hiji karya. Nu dilakukeun ku psikologi sastra nya éta nyaritakeun nu aya patalina jeung unsur-unsur kajiwaan palaku-palaku piksional nu aya dina hiji karya (Ratna, 2004: 343). Sedengkeun Semi (1989: 46) nétélakeun yén psikologi sastra salaku: "*pendekatan penelaahan sastra yang menekankan pada segi-segi psikologis yang terdapat dalam suatu karya sastra.*"

Ngainterprétasi segi-segi psikologis dina hiji karya sastra bisa dumasar aliran-aliran psikologi nu aya. Orokaya, aliran nu dijadikeun padomanana kudu bener-bener sanggup mesék perkara nu bakal dipaluruh.

Dipilihna psikologi éksisténsial lain tan alesan. Pamarekan psikologi éksisténsial mangrupa réaksi kateusugemaan parapsikolog kana dua pamarekan psikologi nu geus ngakar di sabudeureun alam dunya, nya éta psikoanalisis nu sumebar di sakuliah Eropa beulah kulon jeung behaviorisme nu diagem ku para psikolog Amerika Serikat (Abidin, 2002: 22). Ieu mazhab anyar téh mindeng disebut salaku mazhab alternatif atawa mazhab katilu.

Gelarna kateusugemaan mazhab alternatif téh alatan tatapakan filsafat nu dicekel ku dua aliran psikologi saméméhna. Tatapakan filsafat nu dipasualkeun nya éta vitalisme jeung materialisme. Vitalisme ditolak ku mazhab katilu sabab nganggap yén manusa téh mangrupa bagian tina organisme nu ngadadasarkeun réngkak paripolahna kana dorongan/naluri/kahayang biologis (*id*) sedengkeun kasang tukang psikologi éksisténsial nolak materialisme nya éta lantaran manusa ditempatkeun salaku bagian tina matéri nu ngadadasarkeun paripolahna kana stimulus nu jolna ti luar dirina.

Kacindekanana, psikoanalisis jeung behaviorisme geus mopohokeun hakékat manusa, jati diri manusa nu ngabédakeun jeung mahluk-mahluk ciciptan séjénna. Sedengkeun éksisténsial sorangan ngahogaan paham atawa pamanggih nu sabalikna. Mazhab éksisténsial nganggap yén manusa mibanda sipat-sipat nu kompléks tur béda kacida dibandingkeun jeung mahluk lianna.

Aspék psikologis dina karya sastra bisa dipaluruh tina kajadian-kajadian nu dialaman ku parapalakuna, tina kalimah-kalimah nu diucapkeun ku palaku, atawa tina

déskripsi pangarang ngeunaan pasipatan tur paripolah palakuna nu diébréhkeun ngaliwatan téknik cumarita pangarangna.

Tarékah nyangkemna nya éta ku jalan ngulik téks nu ngawengku maca téks, nganalisis, ngainterprétasi, jeung méré ajén kana téks kalawan gemet tur museur kana naon nu hayang dipaluruh.

Istilah nyurahan/interprétasi mibanda dua harti (Iskandarwassid, 2003: 52) nya éta harti jembar jeung harti heureut. Dina harti jembar interprétasi téh nya éta mertélakeun ma'na (ajén) tina kagemblengan hasil karya sastra, karya seni anu pakakasna ngagunakeun rakitan basa. Interpretasi téh ngurung rupaning tilikan, babaran, jeung guaran ngeunaan unsur-unsur, struktur, téma, tur kapunjulanana. Sedengkeun dina harti heureut, interprétasi nya éta mertélakeun harti basa dina karya sastra ku cara nganalisis, parapraseu, jeung koméntar. Biasana interprétasi téh museur kana bagian-bagian nu karasana samar, nyamuni, atawa ngandung perlambang (siloka).

Sastra Sunda nu gelar ngagunakeun médium basa Sunda téh mibanda wangun nu tangtu, nya éta puisi, prosa, jeung drama. Ieu wangun téh kaasup karya sastra modéren nu dipangaruhan ku sastra nu jolna ti kulon.

Di antara karya sastra Sunda wangun prosa nu bisa diinterprétasi téh nya éta novel. Sedengkeun novel nya éta carita wangun prosa kalawan ukuran nu lega (Suriamiharja, Spk., 1996: 104). Éta ukuran téh bisa dina harti alurna nu kompléks, suasana caritana nu rupa-rupa, pon kitu deui dina unsur-unsur carita séjénna.

Ieu panalungtikan téh seja ngainterpretasi parapalaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* maké pamarekan psikologi éksisténsial, nya éta prosés interpretasi karya sastra ngagunakeun tilikan hukum-hukum psikologi éksisténsial.

Dina ulikan sastra Indonesia, panalungtikan karya sastra dumasar interpretasi psikologis mah geus réa nu ngalaksanakeun. Salasahiji di antarana nya éta skripsi S1 Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia FPBS UPI nu judulna “Analisis Unsur-unsur Psikologis dalam Novel Mereka yang Tertewas karya Hassanudin Mohammad Isa Sebagai Upaya Memilih Bahan Pengajaran Sastra pada Peringkat Sijil Pelajaran Malaysia” (Jasili, 1996), jeung mindeng kasabit-sabit dina buku-buku téori sastra katut métodologi panalungtikan sastra, di antarana *Metode Penelitian Sastra* (Semi, 1990), *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra dari Strukturalisme hingga Postrukturalisme: Perspektif Wacana Narasi* (Ratna, 2004), jrrd. Pon kitu deui dina ulikan sastra Sunda, interpretasi psikologis geus aya nu ngalaksanakeun. Upamana baé skripsi S1 nu judulna (1) “Sawangan Psikoanalisis Kana Novel Pangantén Karya Dédén Abdul Azis” (Andriany, 2005), jeung “Kajian Psikoanalisis dina Novel Tempat Balabuh Karangan Aam Amalia” (Perdiwan, 2006).

Sedengkeun tarékah nalungtik karya sastra Sunda wangun novel nu judulna *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karya Ahmad Bakri dumasar pamarekan psikologi éksisténsial mah nepi ka kiwari can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan nu dijudulan “Palaku dina Novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si*

Rajapati karangan Ahmad Bakri: Interpretasi Psikologi Éksistensial” téh, perlu dilakukeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Novel *Asnaramurka* jeung *Belog Si Rajapati* nu dikarang ku Ahmad Bakri téh mun seug disaliksik leuwih jero mah, tétéla pisan leubeut ku unsur psikologisna. Salah sahijina nya éta perang batin antarpalaku. Éta hal téh dibalukarkeun ku rupaning perkara nu disanghareupan ku maranéhna. Bisa balukar asih, balukar dicidraan, ogé bisa lantaran hal teu pira saperti teu dibukakeun panto.

Sok sanajan éta novel téh hasil ngaréka pangarangna, tapi éstu ngébréhkeun rupa-rupa kaayaan nu teu mustahil kaulaman dina kahirupan nyata atawa bisa jadi karakter palaku nu dipilih ku Ahmad Bakri téh enya-nya meunang niron tina dunya nyata.

Teu anéh kabiasaan sarupa kitu téh. Wellek & Warren (dina Budianta, 1989: 103) geus nétélakeun ngeunaan prosés nyiptakeun tokoh/palaku jeung panokohan, yén nyaritakeun ngeunaan palaku bisa dianggap campuran tina palaku nu geus aya dina tradisi sastra, tina jalma-jalma nu dititénan ku pangarangna, jeung tina diri pangarangna sorangan.

Kaayaan psikologis Amin nalika dipegat duriat ku Nonoh éstu lain hal nu langka kapanggihna di alam nyata. Pon kitu deui nu dilakukeun ku Darimi atawa palaku séjénna. Palebah dinya pisan loba jalma, dina kanyataan, ngalaman perang

campuh antara rasa jeung cita-cita. Cita-cita (kahayang) pasalia jeung kanyataan anu ahirna ngabalukarkeun rasa jadi teu mirasa. Béh dituna pisan bisa ngalantarankeun gangguan/panyakit kajiwaan (psikopatologi) nu dibalukarkeun ku *depresi psikologis*. Éta déprési téh sacara langsung ngahalangan dirina pikeun jadi diri nu sajati (oténtik), ngébréhkeun sakur kereteg haté dumasar kahayang jeung poténsi nu aya dina dirina.

Ku lantaran kitu, dina ieu panalungtikan, palaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* téh bakal diguar ngagunakeun pamarekan psikologi éksisténsial. Saméméhna perlu diwatesanan yén nu diguar téh unsur-unsur psikologi éksisténsialna jeung gangguan psikologis/panyakit kajiwaan nu dialaman ku parapalakuna tug nepi ka kapanggih sabab musababna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Ngarah leuwih jéntré, watesan masalah di luhur dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti nu disebutkeun di handap ieu.

1. Kumaha indikator psikologi éksisténsial nyawang parapalaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* téh?
2. Panyakit kajiwaan (psikopatologi) naon baé nu dialaman ku parapalaku dina éta novel tur naon kasang tukangna?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh tur ngaguar aspék-aspék psikologi éksisténsial parapalaku nu aya dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri nu ngawengku:

1. indikator psikologi éksisténsial dina nyawang parapalaku éta novel, jeung
2. panyakit kajiwaan (*psikopatologi/abnormal behavior*) nu dialaman ku parapalakuna kalawan kasaing tukang nu ngalantararkeunana.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa digunakeun pikeun rupaning hal, di antarana baé pikeun:

1. matalikeun téori psikologi éksisténsial jeung karya sastra, hususna novel;
2. sumber informasi tambahan ngeunaan analisis psikologi éksisténsial dina wangun prosa, hususna prosa (novel) Sunda;
3. ngeuyeuban pustaka kritik sastra Sunda, jeung
4. bahan babandingan keur sing saha waé nu seja ngritik sastra wangun prosa maké péso analisis psikologi éksisténsial.

1.4 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan téh dipuseurkeun kana anggapan dasar saperti nu dijéntrékeun di handap ieu.

1. Novel bisa diinterpretasi maké pamarekan psikologi éksisténsial.

2. Parapalaku dina novel mibanda karakteristik kapribadian séwang-séwangan.
3. Parapalaku novel mibanda pasualan psikologis séwang-séwangan.

1.5 Tatapakan Téori

Téori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku métodologi panalungtikan sastra, téori sastra jeung prinsip-prinsip psikologi sastra, ogé interprétasi psikologi éksisténsial.

Téori-téori ngeunaan métodologi panalungtikan sastra dipaké pikeun nétélakeun métode jeung téhnik naon tur kumaha larapna dina ieu panalungtikan téh. Anapon buku nu dijadikeun rujukanana, di antarana waé *Metode Penelitian Sastra* (Semi, 1990), *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra dari Strukturalisme hingga Poststrukturalisme: Perspektif Wacana Narasi* (Ratna, 2004), *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek* (Arikunto, 2002), jrrd.

Téori-téori ngeunaan sastra jeung psikologi sastra digunakeun salaku tatapakan kumaha ngainterprétasi sastra maké pamarekan psikologis. Buku-buku nu dijadikeun sumberna di antarana waé *Teori Kesusastraan* (Budianta, 1989. Tarjamahan tina *Literature Theories*, Wellek & Warren.), *Teori Pengkajian Fiksi* (Nurgiyantoro, 2002), *Kritik Sastra* (Semi, 1989), *Kamus Istilah Sastra: Pangdeudeul Pangajaran Sastra Sunda* (Iskandarwassid, 2003), *Tentang Sastra* (Ikram, 1991. Tarjamahan tina *Over Literatuur*, Luxemburg, spk.), jrrd.

Téori-téori ngeunaan psikologi éksisténsial digunakeun salaku alat pikeun ngaguar unsur-unsur psikologis parapalaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si*

Rajapati. Anapon buku-buku nu dijadikeun sumberna di antarana waé *Analisis Eksistensial: untuk Psikologi & Psikiatri* (Abidin, 2002), *4 Teori Kepribadian: Eksistensial, Behavioris, Psikoanalitik, Aktualisasi Diri* (Sirait, 2000. Ditarjamahkeun tina Poduska), *Personality Theories* (Muzir, 2006. Ditarjamahkeun tina *Personality Theories*), *Psikiatri* (Baihaqi dkk., 2005), *Manusia Menurut Al-Ghazali* (Othman, 1981), *Tentang Manusia* (Driyarkara, 1980) jrrd.

1.6 Wangenan Operasional

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah nu perlu ditétélakeun. Istilah nu dimaksud téh nya éta palaku, novel Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati, Ahmad Bakri, interpretasi, psikologi sastra, psikologi éksistensial, jeung gangguan-gangguan. Pikeun leuwih jelasna, istilah-istilah nu ditataan di luhur téh bakal dipedar di handap ieu.

1. Palaku, nya éta nu ngalalakonkeun carita. Wellek & Warren (dina Budianta, 1989: 19) nyebutkeun yén palaku dina novel béda jeung palaku dina sajarah atawa palaku nu hirup kumelendang di alam dunya. Palaku dina novel mah bisa disebutkeun hirup téh dibalukarkeun ku ayana kalimah-kalimah atawa kekecapan dina téks novel nu ngadéskripsikeun paripolah atawa watek dirina.

2. Novel Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati, salah sahiji karya monuméntal Ahmad Bakri dina wangun novel nu dipedalkeun munggaran ku Rahmat Cijulang dina taun 1988. Nyaritakeun kahirupan Amin ti mimiti bobogohan jeung

Nonoh nepi ka palastrana, ogé lahirupan palaku séjén nu ngadukung kana palaku Amin.

3. Ahmad Bakri (AB), nya éta pangarang novel *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati* nu dibabarkeun di Rancah-Ciamis tanggal 11 Méi 1917. Sabada tamat sakola rayat nu lilana 3 taun, AB neruskeun sakola ka Schakel School (sakola sambungan) di Ciamis. Kungsi ngajar di sakola dasar Cicadas dina taun 1952, di SPG Ciamis, ngapalaan di sakola Muhammadiyah di Ciamis. Kagiatan lianna kungsi ilubiung di LBSS salaku pangurus dina taun 1958.

Lian ti nulis éta, AB ogé sok nulis carita pondok (carpon). Kumpulan carita pondokna di antarana nya éra *Dukun Lepus* nu medal taun 2002. Sababaraha karyana nu geus dipedalkeun di antarana baé nya éta *Payung Butut* (1969), *Rajapati di Pananjung* (1978), *Kabandang ku Kuda Lumping* (1969), *Sanghiang Lutung Kasarung*, *Srangéngé Surup Mantén*, *Sudagar Batik*, *Mayit dina Dahan Jéngkol*, *Jurutulis Malingping*, *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati*, *Ki Merebot*, jrd. Sedengkeun karangan-karangan séjénna sumebar dina majalah-majalah Sunda, di antarana dina *Péléét*, *Manglé*, *Warga*, *Hundjuang*, jrd.

4. Interpretasi, asal kecapna *interpret* (basa Inggris). Mangrupa kecap pagawéan nu mibanda harti narjamahkeun, napsirkeun, atawa ngahartikeun (Echols, spk., 1990:328). Interpretasi nu dimaksud di dieu nya éta hiji prosés narjamahkeun, napsirkeun, jeung méré harti kana karya sastra Sunda wangun novel nu judulna *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati*.

5. Psikologi Sastra, nya éta kajian psikologis kana widang sastra atawa pamarekan ulikan sastra nu museur kana segi-segi psikologis nu aya dina hiji karya sastra. Psikologi sastra mibanda tujuan pikeun maham aspék-aspék kajiwaan nu aya dina hiji karya. Nu dilakukeun ka psikologi sastra nya éta nyaritakeun nu aya patalina jeung unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh piksional nu aya dina hiji karya (Ratna, 2004: 343). Sedengkeun Semi (1989: 46) nandeskeun yén nu dilakukeun ku psikologi sastra nya éta ngainterprétasi unsur intrinsik karya sastra; utamana panokohan jeung *perwatakan*-ana nu dikuatkeun ku néang tinimbangan ngeunaan paripolah palaku, tur ngajelaskeun motip jeung niat nu ngadukung kana paripolah nu dimaksud. Lian ti kitu, perlu ogé ditalungtik ngeunaan panyakit *neurosis* jeung *psikosis* nu ngeunteupan unggal palaku. Lian ti éta, Weilek & Warren (dina Budianta, 1989: 90) nyebutkeun yén istilah psikologi sastra ngabogaan harti ulikan tipe jeung hukum-hukum psikologi nu dilarapkeun kana karya sastra.

6. Psikologi éksisténsial, nya éta téori psikologi nu mangrupa kamekaran tina widang élmu filsafat fénoménologis jeung éksisténsialisme nu digabungkeun. Filsafat fénoménologis gunana pikeun ngajelaskeun ngeunaan éksisténsi manusa, sedengkeun éksisténsialisme digunakeun salaku padoman pikeun mikaweruh jati diri manusa nu satuluyna dipaké pikeun terapi-terapi psikologis. Puseur kajianana mibanda sipat émpiris alias panalungtikan jeung terapina sacara langsung disanghareupkeun ka individu-individu konkrét atawa ka individu-individu nu merlukeun *therapeutis*

7. Gangguan-gangguan

Anwar (2001: 153) nyebutkeun yén gangguan “...adalah hal yang menyebabkan ketidakwarasan atau ketidaknormalan (tentang jiwa, kesehatan pikiran)...”. Gangguan dina widang psikologi dibédakeun jadi gangguan émosi jeung gangguan méntal. Nu dimaksud gangguan émosi nya éta gangguan nu nyerang émosi hiji jalma. Sipatna teu pati ngabahayakeun, tapi mun seug diantep waé bakal ngabalukarkeun gangguan méntal. Sedengkeun gangguan méntal nya éta gangguan jiwa nu nyababkeun pangrandapna teu bisa ngabédakeun hadé jeung goréng.

